

# 2024-2025 Broward County Public Schools (BCPS) VPK Pwogram

Aplikasyon Ap Koumanse  
1 Janvyè, 2024



## ENFÒMASYON JENERAL SOU PWOGRAM VPK/ ANRICHISMAN

VPK se yon pwogram ki disponnib pou tout timoun ki pral gen **4an anvan 1 Septanm, 2024**. Lekol yo ofri opsyon tout jounen ak demi jounen, Lendi jiska Vandredi (gade anba a). Tout lekòl-yo ofri dejene gratis. **Tout lekòl-yo ofri dejene gratis. Tout pwofesè gen diplòm bakaloreya o pi wo. Epi yo obteni yon Sètifikasyon Ansèyman Florid ki espesyalize nan Edikasyon timoun piti.**

## PWOGRAM VPK/ANRICHISMAN (TITLE I SIPÒTE)

Modèl VPK sa ofri yon jounen lekòl gratis konplè (6.5 èdtan); ansèyman an disponnib pou timoun ki **rete anndan yon zòn Title I nan Broward. Remak:** Demi-jounen pa disponnib pou lekòl ki Title I. Seleksyon-yo fèt selon kritè elijibilite. Kontakte chak lekòl pou konnen si gen affèkè (pwogram ak siveyans timoun apre lekòl) ki disponnib nan lekòl ou vle a.

## VPK ANRICHISMAN (FRÈ ESKOLÈ SIPÒTE)

Lekòl-sa-yo ofri opòtinite pou toude pwogram, tout yon jounen ak demi-jounen. Opsyon-yo enkli:

- Mwatye jounen – 3 èdtan sèlman (VPK Gratis) **Plas-yo limite.**
- Jounen konplè – 6.5 èdtan (VPK plis 3èdtan enstriksyon, se yon opsyon, epi frè eskolè sipòte).

## KIJAN POU-W APLIKE



**1<sup>er</sup> Etap:** Aplike anliy pou w jwenn yon sètifika VPK (VPK Certificate), sou Portal Leta Florid dedye pou Fanmi Florid:

<https://familyservices.floridaearlylearning.com>

**2<sup>zyèm</sup> Etap:** Vizite sit Entènèt nou pou w ka aplike nan pwogram VPK lekòl piblik Broward County:

[www.browardschools.com/vpkapplication](http://www.browardschools.com/vpkapplication)

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram VPK Distri a, tanpri rele depatman VPK office nan nimewo 754-323-4750. Si ou gen kesyon sou sètifika VPK-ou (VPK Certificate), kontakte Early Learning Coalition of Broward nan nimewo 954-377-2188. Ou bezwen konnen kote lekòl zòn ou ye, vizite sit <https://www.browardschools.com> epi chèche "Find my school - Jwenn lekòl mwen an."



Established 1915  
**BROWARD**  
County Public Schools

Florida **VPK**



School Board of Broward County, Florida, entèdi tout direktiv oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon baze sou laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, eta sivil, nasyonalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Board bay Boy Scouts ak lòt gwoup jenn ki deziye, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman ka rele Direktè, Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kòdonatè Ekite Distri a/Kòdonatè Title IX nan nimewo telefòn 754-321-2150 oswa imel [eeo@browardschools.com](mailto:eeo@browardschools.com). Dapre amannman Iwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA) moun andikape ki bezwen akomodasyon ka rele depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa imel [eeo@browardschools.com](mailto:eeo@browardschools.com).